

# Sonography Andoskopik ou a nan CHA

Dat egzamen an:	Lè pou w rive:
-----------------	----------------

Kote egzamen medikal la ap fèt: **CHA Cambridge Hospital  
1493 Cambridge Street  
Cambridge, MA 02139**

*Kote ou dwe anrejistre: nan zòn admisyon ki nan akèy la*

**Si w gen kesyon oswa si w bezwen pale ak yon enfimye/è,** tanpri rele depi nan lendi rive nan vandredi, 7:30 am – 4 pm: **617-591-4526**

**Pou chanje dat randevou w lan oswa pou anile I,** tanpri rele 72 èdtan (3 jou) alavans.  
Lendi – vandredi, 8 am – 4 pm: **617-591-4422**

---

**Tanpri, li tout entriksyon yo omwen 2 semèn anvan egzamen w lan.** Sa yo ap di w kijan pou w prepare w pou pwosedi w la. Tanpri, pase tout etap yo pou pwosedi w la ka fèt nan jou li pwograme a.

Tanpri vini a lè. W ap bezwen anrejistre lè w rive isit la. Tanpri retire tout bijou oswa piercings sou kò ou anvan ou vini. Nou pa responsab bagay ki pèdi oswa yo vòlè.

## Pou antre lakay ou

Ou **dwe** aranje pou yon zanmi oswa yon fanmi kondwi ou lakay apre tès ou a. Nou p ap kite w kondui pou ale lakay ou poukout ou. Si w gen pwoblèm transpò, tanpri retire nimewo ki pi wo a. Selon kote w rete a, ou ka jwenn transpò ale-retou lakay ou gras a CHA Med Access Van.

## Enfòmasyon enpòtan konsènan lòt medikaman yo

- **Si w ap pran anti kowagilan:** Rele doktè swen primè w la oswa sèvis jesyon anti kowagilan yo pou w ka mande enstriksyon. Sa gen ladan I medikaman tankou Coumadin (warfarin), Eliquis (apixaban), Savayasa (edoxaban), Pradaxa (dabigatran), Xarelto (rivaroxaban), Lovenox (enoxaparin), Plavix (clopidogrel), Effient (prasugrel) oswa Brilinta (ticagrelor).
- **Si w ap pran medikaman pou Dyabèt oswa enjeksyon chak semèn pou w pèdi pwa:** Tanpri swiv enstriksyon pou dyabèt ki anba a.
- **Pa pran** ni vitamin, ni anti-asid, ni sipleman, ni pilil fè nan maten tès la.
- Ou ka pran lòt medikaman ou yo ak yon göje dlo nan lè ou abitye pran yo. Pote lis medikaman w a ppran yo avèk ou. **Si w gen enkyetid sou medikaman ou yo, mande doktè ou oswa enfimyè w la. Pa tann lavèy tès la.**

## EUS

EUS, yo rele tou Sonografi Andoskopik, se yon pwosedi kote yo itilize yon andoskòp (yon tib nwa fleksib ki gen yon ti kamera ak yon ekograf ) pou evalye vesò sangan yo, pankreya a, vwa bilyè yo, kanal pankreyatik yo, manbràn entesten an epi timè yo. Li ka pran imaj limite gwo trip la, ezofaj la, lestomak la ak duodenòm nan.

Yo fè egzamen an gras a ekograf la epi teknik obsèvasyon nòmal. Ansanm, yo pèmèt wè divès maladi ki kapab afekte zòn sa yo. Li pèmèt detekte maladi nan kanal bilyè ak kanal pankreyatik yo (tankou pyè ki kapab kwense nan fwa a), maladi nan pankreya, epi evalye s gen timè oswa lòt anomalie k ap devlope. Anpil fwa, li pèmèt wè kèk detay ki pa vizib nan radyografi oswa andoskopi pou kont yo. Doktè a ka fè prelèvman pou biyopsi tou (ti moso tisi) pou analize anomalie li ta renmen verifye plis an detay yo. Pafwa yo fè prelèvman sa yo ak yon ti egwi fen (FNA).

## Pou w prepare w

Ou pa ta dwe itilize Ibuprofen, Motrin, Advil, Naprosyn, Aleve oswa nenpòt lòt ajan antenflamatwa nonsteroid yon semèn anvan tès la. Tylenol la akseptab pou soulaje ti doulè. **Si w ap pran anti kowagilan (tankou Aspirin, Warfarin, Coumadin, Heparin oswa Plavix) ou dwe mande doktè ou oswa enfimyè avi li anvan ou sispann pran medikaman sa yo!!!** Sa a enpòtan si w ap pran medikaman pou maladi kè, AVC, yon anboli pilmonè, vav kadyak atifisyèl, yon stent nan kè oswa yon stent vaskilè ak nenpòt lòt pwoblèm ki ta ka lakoz yon kayo grav fòme, konjesyon serebral oswa atak kè. Ou ka bezwen diminye sou medikaman sa yo tou depann de kisa y ap fè a. **Mande doktè ou!**

**Nan Lanwit lavèy Tès la, Ou pa Dwe Manje Ni Bwè Anyen Ankò Depi I Fè Minwi.**

## Preparasyon Nan Lopital la

Nan jou tès la, yon enfimyè ap mande w kèk enfòmasyon sou istorial medikal ou. Y ap mete rad lopital sou ou. Y ap antre yon egwi nan venn ou sou do men w oswa nan ponyèt ou pou yo ka ba ou medikaman k ap pèmèt ou santi w alèz pandan tès la. Nou ka mande ou pou w gagare kèk medikaman pou anestezi gòj ou tou. Gen anpil moun sa anpeche yo gen okèt, men li ka fè w pa santi gòj ou.

Nan sal pwosedi a, y ap mande w kouche sou kote epi pou w vire sou vant. Tanpri, di doktè a sa si w pa anti w alèz. Pandan tès la w ap ka respire nòmalman atravè yon ti yès an plastik y ap mete nan bouch ou w ap ka sere dan w sou li. Apre sa y ap mande w pou w vale tib la tou dousman. Y ap antre tib la nan bouch ou, y ap avanse l nan ezofaj ou, lestomak ou epi nan pati anlè entesten grèl (ti tri) ou. Doktè a pral eseye egzamine manbràn entèn zòn sa yo, men objektif la se pou itilize ekografi a pou ka egzamine lòt ògàn ki tou pre yo. Yo ka eseye epi fè biyopsi, pafwa yo fè sa ak n egwi (sitoloji).

Y ap ba ou medikaman nan venn pou kontwole malèz la epi ede w detann ou. Ou ka dòmi oswa ou dwe pasyèlman reveye pandan tès la. ). Yo itilize yon ti kantite lè pou dilate lestomak la ak duodenòm nan pou doktè a ka wè. Yo aspire sekresyon yo pou eliminate yo. Pafwa, ou ta ka santi ou gen gaz oswa ou vle gen okèt. N ap siveye w epi n ap eseye mete w pi alèz posib.

Yo ka ba antibiyotik tou si byo prevwa fè biyopsi a egwi. Tanpri fè doktè a ak enfimyè yo konnen si w alèji a antibiyotik. Sa ka rive yo voye w lakay ou sou antibiyotik tou. Li enpòtan pou w pran yo jan yo di w pran yo a, epi pou w pa ret tann yo.

## **Konplikasyon Posib**

Li ra pou gen konplikasyon pandan tès la oswa apre, men sa kapab rive gen konplikasyon. Risk kiplis komen yo se pankreyatit, pèforasyon (pou ezofaj, lestomak la oswa doudenòm lan chire), senyen, pwoblèm respiratwa, enkonfò, enfeksyon ak reyakson endezirab a medikaman yo itilize yo. Gen risk pou pankeya a anfle (pankreyatit) si yo fè prelèvman nan pankreya a. Sa ka mande pou yo entène ou, e gen de fwa li konn grav. Pèforasyon an ka mande pou yo opere w an ijans. Li enpòtan pou nou note, EUS la pa pafè, e se menm jan an pou lòt egzamen medikal yo. Li ka rate kèk pwoblèm tankou pyè, polip, ak timè. Chans pou nou, risk pou tout pwoblèm sa yo ta konbine a fèb.

## **Apre tès la**

Ou ka santi ou balonnen akoz lè yo te mete nan vant ou pandan tès la. Medikaman yo ka fè w gen dòmi nan je. Ou paka opere machin lou (tankou kondui machin) ni fè gwo travay pandan rès jounen an. Ou dwe panse a repoze, gade televizyon, oswa li dokiman senp apre tès la. Ou ka bliye kèk bagay ki te fèt pandan tès la e touswit apre tès la, fòk ou gen yon moun avèk ou pou raple w tout enstriksyon nou te ba ou yo.

Jeneralman w ap lopital la pou apeprè 1 a 2 zèdtan (menm si pafwa li ka pran plis tan). N ap asire nou ke ou byen anvan nou voye w lakay ou. Ou dwe aranje w pou w jwenn yon moun mennen w lakay ou apre tès la. Yon lòt fwa ankò, nou pa p fè tès sa si w pa aranje w pou w jwenn yon moun mennen w retounen. Ou paka ale lakay o unan taksi, ni nan bis.

Avèti doktè a si tanperati w depase 101 Fahrenheit nan espas 24 èdtan lè w fin fè EUS la oswa si ou gen gwo van fè mal oswa si w ap senyen.

EUS ise yon egzamen fyab e efikas nou abitye fè nan sant nou yo. Ou ka resevwa yon apèl pou fè w sonje dat ak lè w ap gen pou fè tès la.

Si w gen kesyon sou pwosesis la, rele 617-591-4453.

Pou kesyon konsènan dat ak lè tès ou a, oswa si w vle chanje dat la oswa lè a, rele 617-591-4402.

Pou kesyon sou medikaman ou abitye pran yo oswa sou pwoblèm sante ou, pale ak doktè ou.

# Enstriksyon pou Medikaman Dyabèt

## Iltrason endoskopik pati Siperyè

### **Si w ap pran medikaman pou Dyabèt Tip 2:**

- Nan nwit lavèy tès la: Pa pran grenn dyabèt. Si w ap pran ensilin pou dyabèt tip 2, pran  $\frac{1}{2}$  ensilin a aksyon pwolonje nòmal ou a (paregzanp, si ou nòmalman pran 40 inite Lantus oswa NPH, pran 20 inite pito).
- Nan maten jou tès la: Pa pran grenn dyabèt. Si ou sou ensilin a aksyon pwolonje pou dyabèt tip 2, ou kapab pran mwatye dòz la (paregzanp, si ou sou 40 inite Lantus oswa NPH, pran 20 inite pito).
- Si w ap pran ensilin a aksyon rapid tou (Humalog, Admelog, Novolog, oswa ensilin Regular), pa pran li nan maten anvan entèvansyon an.
- Apre tès la: ou pral ka manje ankò. Lè sa a, ou dwe rekòmanse pran medikaman pou dyabèt la jan w konn abitye pran li. Pran dòz ensilin ou konn abitye pran aswè a.

**Enjektab (ki pa ensilin) Pou sa ou pran yon fwa pa semèn yo, (Trulicity, Ozempic, Wegovy, Bydureon, Trulicity, Ozempic, Wegovy, Rybelsus, Bydureon, Mounjaro, Tanzeum, Zepbound), PA PRAN YO 7 JOU ANVAN PWOSEDI A**

### **Si w ap pran medikaman pou Dyabèt Tip 1:**

- Nan aswè anvan tès la: Annik pran dòz ensilin bazal ou ta nòmalman pran lè sa a (paregzanp, dòz konplè nòmal Lantus oswa NPH ou).
- Nan maten jou tès la: Annik pran dòz ensilin bazal ou ta nòmalman pran lè sa a (pa egzanp, dòz konplè nòmal Lantus oswa NPH ou). Pa pran ensilin a aksyon rapid (Humalog, Admelog, Novolog, oswa ensilin Regilye).
- Si w ap itilize yon ponp a ensilin epi nivo glikòz ou pi ba pase 130 lè w pokò manje, redui kantite bazal ou tanporèman nan maten anvan entèvansyon an a 75% kantite nòmal ou. Si nivo glikòz a omwen 130 lè w pokò manje, kontinye avèk kantite bazal nòmal ou. Kontakte doktè andokrinològ ou a si w gen kesyon sou jan ou dwe jere reglaj ponp ou an anvan pwosedi a